Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

P. ǴULOMOV, SH. MIRZAXMATOVA

# Átirapımızdaǵı álem

Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń
2-klası ushın sabaqlıq

**Qayta islengen hám tolıqtırılǵan altınshı basılıwı**

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan*



**Sholpan atındaǵı baspa-poligrafiya dóretiwshilik úyi**
**Tashkent – 2018**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK 502.2=512.121(075)
BBK 20.1ya71
Ǵ79

**Juwaplı redaktor:**

**H. Vahobov** — geografiya ilimleriniń doktorı, professor.

**Pikir bildiriwshiler:**

**I. Sagdullaev** — biologiya ilimleriniń kandidatı, docent;
**M. Bositxonová** — Tashkent qalası 324-mekteptiń baslawısh klass muǵallimi

## Shártli belgiler:

**Sorawlar**

**Tapsırmalar**

**Ámeliy jumıs**

**Sabaqtı juwmaqlaw**

**Respublika maqsetli kitap qorı qárjıları esabınan basıp shıǵarıldı**

© P. Ǵulamov, Sh. Mirzaxmetova, 2018
© Sholpan atındaǵı BPDÚ, 2016
© Sholpan atındaǵı BPDÚ, 2018
Qaraqalpaqsha awdarma
© «Bilim» baspası, 2018

ISBN 978-9943-05-826-2

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÁTIRAPÍMÍZDAǴÍ ÁLEMDI ÚYRENEMIZ



## 1-§. ÁTIRAPÍMÍZDAǴÍ ÁLEM

Siz kóretuǵın barlıq nárseler – imaratlar, terekler, gúller, suwlar, mashinalar, gúbelekler, tawlar, Quyash, Ay hám juldızlar átirapımızdaǵı álem delinedi (1-súwret).

Átirapımızdagı álem júda hár qıylı bolıp, onıń sırları kóp.

Adamlar erte zamanlardan tábiyattı úyreniwge qızıqqan. Onıń sırların biliwge umtılǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




*1-súwret. Átirapımızdağı álem*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Átirapımızdaǵı álemdi úyreniw onı baqlawdan baslanadı. Biz átirapımızdaǵı álemdi seziw aǵzalarımız járdeminde sezemiz hám baqlaymız.

Kózimiz kóredi, qulaǵımız esitedi. Tilimiz dámdi, murnımız iyisti, terimiz issı hám suwıqtı sezedi (2-súwret).

Bázı bir qubılıslardı biliw ushın ámeliy jumıslar ótkeremiz. Tábiyatqa sayaxatqa shıǵamız.

Tábiyatta baqlaǵan waqıya hám qubılıslardı «Jumıs dápteri»ne jazıp baramız.




2-súwret. *Adamnıń seziw aǵzaları:*
*1—murın; 2—qulaq; 3—kóz;*
*4—til; 5—teri*

**Tayanısh sózler:** átirapımızdaǵı álem, seziw aǵzaları, qubılıs, jumıs dápteri.

## Sorawllar

1. Átirapımızdaǵı álem degen ne?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Qanday seziw aǵzaların bilesiz?
3. «Jumıs dápteri»ne neler jazıladı?

**Tapsırma**

«Jumıs dápteri»n júrgiziń. Bul dápterge hár kúngi hawa-rayınıń jaǵdayı hám belgilerin jazıp barıń.

## 2-§. TÁBIYATTAǴÍ DENE HÁM ZATLAR

Siz kórip turǵan barlıq nárseler dene hám zatlardan ibarat: imarat, mashina, terek, kitap, stol, stul.

Biz jasaytuǵın Jer, aspandaǵı Quyash, Ay, juldızlar da dene.

Bazı bir deneler tábiyiy boladı (3-súwret). Ayırım denelerdi adamlar isleydi (4-súwret).



3-súwret. *Tábiyiy deneler*

Deneler zatlardan dúzilgen boladı. Zatlar tábiyiy jaǵdayda da ushırasadı. Olardan hár túrli formadaǵı denelerdi islew múmkin. Temirden degershik, ketpen, mashinalar soǵıladı. Bunda degershik, ketpen, mashinalar — deneler, temir bolsa zat boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



4-súwret. *Adamlar islegen deneler*

Mıs, altın, duz, suw, qumsheker, bizler dem alıp atırǵan hawa da zat bolıp esaplanadı. Tábiyatta ushırasatuǵın kóplegen zatlar úsh túrli: suyıq, qattı hám puw halında. Bunı suw mısalında kórip shıǵamız. Bir bólek muzdı muzlatqıshtan alıp ıdısqa salıp qoysaq, ol erip suwǵa aylanadı. Suwdı qaynatsaq, puw payda boladı. Demek, suw qattı (muz), suyıq (suw) hám puw (gaz) halında ushırasadı (5-súwret).

Hárqanday dene hám zatlar málim bir awırlıqqa iye. Olardıń awırlıǵı táreziler járdeminde ólshenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




5-súwret. *Suwdıń úsh túrli halındaǵı kórinisi: 1 – suyıq halı (suw); 2 – puw halı; 3 – muz halı*

**Tayanısh sózler:** dene, zat, gaz, awırlıq, puw.

## Sorawlar

1. Dene degen ne? Átirapımızda qanday deneler bar?
2. Zat degen ne? Qanday zatlardı bilesiz?
3. Zatlar qanday hallarda boladı?

## Tapsırma

Úyińizde suwdıń úsh halda bolıwın tájiriybe islep kóriń. Bunıń ushın muzlatqıshtan bir bólek muz alıń. Bul — suwdıń qattı halı. Endi onı kesege salıń. Ol erip, — suwǵa aylanadı. Sońı bul suwdı qaynatsańız puwǵa aylanadı. Puw — suwdıń gaz halı.

Tájiriybeni úlkenlerdiń járdeminde orınlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3-§. HAWA RAYÍ

Búgin azanda hawa ashıq, biraz salqın boldı. Túske jaqın hawa ısıdı. Keshke qaray aspanda bult payda boldı. Azǵana jawın jawdı. Hawanıń usınday qısqa waqıttaǵı jaǵdayı hawa rayı delinedi. Hawa rayı tez-tez ózgerip turadı (6-súwret). Báhár, jaz, gúz hám qıs máwsimleriniń hawa rayı bir-birinen parıq etedi.

Hawa rayınıń qanday ekenligi onıń belgilerine qarap anıqlanadı. Hawanıń temperaturası, bultlasıwı, jawınlar, samallar hawa rayınıń belgileri boladı.

**Hawa rayı qubılıslarınıń shártli belgileri**

| | | | |
|---|---|---|---|
| ○ | Hawa ashıq | ❄ | Qar |
| ● | Hawa bult | 🌧 | Jawın |
| ◑ | Hawa yarım bult | | |

Hawa rayınıń qanday ekenligin biliw ushın onı bárqulla baqlap barıw kerek. Baqlaw maǵlıwmatları «Jumıs dápteri»ne jazıp barıladı.

Hawa rayınıń belgileri hár túrli ásbaplar járdeminde ólshenedi. Hawanıń temperaturası



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




*6-súwret. Hawa rayınıń jaǵdayları:*
*1–hawa ashıq; 2–hawa ózgerdi;*
*3–jawın jawmaqta; 4–tereklerdi duman qapladı*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

termometr (7-súwret), jawın muǵdarı jawın ólshegish ásbap penen ólshenedi.

Hawa ısıǵan payıtta termometr nayshasınıń ishindegi sınap keńeyip, joqarı kóteriledi.

Sınap shkaladaǵı qaysı cifrǵa shekem kóterilip barıp toqtasa, hawanıń temperaturası sonsha dárejede boladı.




7-súwret. *Termometrler:*
*1 – hawanıń temperaturasın ólsheytuǵın;*
*2 – suwdıń temperaturasın ólsheytuǵın;*
*3 – deneniń temperaturasın ólsheytuǵın*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Hawa ıssı bolsa, cifrdıń aldına «+», suwıq bolsa «–» belgisi qoyıladı.

## Ámeliy jumıs

Termometr járdeminde hawanıń temperaturasın ólsheń. Temperatura neshe dárejede ekenligin «Jumıs dápteri»ne jazıp qoyıń

**Tayanısh sózler:** hawa rayı, hawa rayınıń belgileri, temperatura, jawın, bult, termometr, dáreje.

## Sorawlar

1. Hawa rayı degende neni túsinesiz?
2. Hawa rayınıń belgileri neler?
3. Termometrler menen neni ólsheydi?

## Tapsırma

Búginnen baslap kelesi sabaq bolatuǵın kúnge shekem hawa rayı qanday bolǵanlıǵın «Jumıs dápteri»ńizge jazıp keliń.

## Hawa rayınıń belgileri

- Tútin joqarıǵa tik kóterilse, hawa rayı ózgermeydi.
- Túnde shıq, qıraw qalıń tússe, erteńine hawa ashıq boladı.
- Tańda quyash qızarıp shıqsa, hawa ózgeredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÚLKEMIZDE GÚZ



## 4-§. JÍL MÁWSIMLERI

Biziń Watanımız — Ózbekstanda hár jılı tórt máwsim náwbet penen almasıp keledi. Bular báhár, jaz, gúz hám qıs máwsimleri (8-súwret). Hárbir máwsimniń hawa rayı bir-birinen ajıralıp turadı.

Ósimliklerdiń reńi de hár máwsimde hár túrli kóriniste, reńlerde boladı.

Máwsimlerdiń almasıwı Quyashqa baylanıslı. Quyashtan kelip atırǵan nur Jer betin jaqtılandırıp ısıtadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




*8-súwret. Jıl máwsimleri:*
*1 – báhár; 2 – jaz; 3 – gúz; 4 – qıs*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Eger Quyash nur shashıp turmaǵanda Jer beti suwıq hám qaranǵı bolar edi. Jerde tirishilik bolmay, ósimliklerde óspey qalar edi.

Hawa rayı da Quyashqa baylanıslı. Jazda Quyash biyik kóteriledi. Jer betine quyash nurı tik túsedi, sonıń ushın kún uzaq hám ıssı boladı. Qıs ayında Quyash biyik kóterilmeydi, nurı qıya túsedi. Sonıń ushın kúndiz qısqa bolıp, túni uzaq, hawa suwıq boladı (9-súwret).

Gúz hám báhár máwsimlerinde Quyashtıń biyikligi ortasha boladı. Sol sebepli kúnler ıssı da bolmaydı, suwıp ta ketpeydi.




9-súwret. *Quyashtıń jaz, gúz, báhár hám qıstaǵı jaǵdayı*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tayanısh sózler:** Quyash, jıl máwsimleri, báhár, jaz, gúz, qıs.

**Sorawlar**

1. Úlkemizde hár jılı qaysı máwsimler almasıp keledi?
2. Máwsimler bir-birinen nesi menen parıq etedi?
3. Quyashtıń bizge qanday áhmiyeti bar?
4. Máwsimlerdiń almasıp turıwına ne sebep boladı?

**Tapsırma**

«Jumıs dápteri»ńizge tómendegi kesteni sızıń. Hárbir máwsimniń ay atların jazıń.

| Qıs | Báhár | Jaz | Gúz |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |

## 5-§. GÚZ JEMISLERI

Gúzde Respublikamızda palız eginleri, mazalı miyweler, qawın, ǵarbızlar pisedi. Paxtalar ashıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Diyxanlar, baǵmanlar jetistirgen ónimlerin jıynap-terip aladı.

Gúz máwsimi sentyabr, oktyabr hám noyabr aylarınan ibarat.

Gúz mámleketimizde áyne pisikshilik máwsimi. Baǵlarda júzim, alma, almurt, ayva, ánar hám basqa da miyweler uwıljıp pisedi (10-súwret).

Atızlarda bolsa palız eginlerinen qawın, ǵarbız, asqabaq; ovoch eginlerinen kartoshka, geshir, pıyaz, láblebi, kapusta jetilip pisedi (11-súwret).

Bulardıń hámmesi gúzdegi jemisler bolıp tabıladı.



11-súwret. *Úlkemizdiń mazalı miyweleri*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*11-súwret. Qawın hám ǵarbız atızında*

Olar qıs kelgenshe jıynap alınbasa, suwıq urıp nabıt boladı.

Miywelerdi qısqa saqlap qoyıw ushın dáslep shaqalardan birimlep terip alınadı (12-súwret).

Soń saylanıp, yashiklerge abaylap jaylastırıladı hám salqın qoymalarda taqlap qoyıladı.

Paxta júdá kóp miynet talap etetuǵın egin. Paxtanı zaya etpey jıynap, terip alıw zárúr (13-súwret).



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



12-súwret. *Baǵdaǵı miywelerdi terip alıw*

Kóplegen ovoch eginleri jerden qazıp alınıp, tazalanadı.

Olar arnawlı qoymalarda saqlanadı.

Kartoshka, geshir, túrpi, láblebini uralarda da saqlaw múmkin.

Eginler jıynap alınǵannan soń, jer súriledi.

**Tayanısh sózler:** gúz ayları, baǵ, paxta, palız eginleri, ovochlar, súriledi.



**Sorawlar**

1. Gúz máwsimi qaysı aylardan ibarat?
2. Gúzde qaysı miyweler pisedi?
3. Ne ushın miywelerdi saqlap qoyamız?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



13-súwret. *Mashinada paxta teriw*

## Tapsırma

«Jumıs dápteri»ńizge tómendegi kesteni sızıń hám miywelerdiń astına miyweler, palız eginleri astına palız eginleri, ovochlar astına ovochlardıń atın jazıp qoyıń.

| Miyweler | Palız eginleri | Ovochlar |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6-§. JÁMIYETLIK PAYDALÍ MIYNET

Biz hár shembi kúni klasımızdaǵı partalardı, stol, stullardı tazalap, poldı juwamız. Klass bólmesindegi gúllerge qaraymız, olardıń túbegine suw quyamız. Onnan soń mektep háwlisin tazalaymız.

Joqarǵı klass oqıwshıları mektep bagında miywe hám ovochlardı teriw, quwrap túsken japıraqlar, shóp-sharlardı jıynaw, tereklerdiń astın shawıp tazalaw sıyaqlı paydalı jumıslar menen shuǵıllanadı.

Mámleketimizde gúz hám báhár máwsimlerinde ulıwmaxalıqlıq shembilikler ótkeriledi.

Shembilikte barlıq adamlar birlesip kóshelerdi, salmalardı tazalaydı, tereklerdiń quwraǵan shaqaların qırqadı.

Hámme birlesip islegeni ushın kóp jumıslar orınlanadı. Nátiyjede qalamız jáne de abadanlasadı.

Bunday jumıslar jámiyetlik paydalı miynet delinedi (14-súwret). «Miynet, miynet túbi ráhát» deydi xalqımız.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



14-súwret. *Jámiyetlik paydalı miynet*

**Tayanısh sózler:** jámiyetlik paydalı miynet, ulıwmaxalıqlıq shembilik.

## Sorawlar

1. Shembi kúni sabaqtan keyin klasta qanday jumıslar isleysiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Mektep háwlisinde qanday jumıslardı ámelge asırasız?
3. Joqarı klass oqıwshıları mektep baǵında qanday jumıslar menen bánt boladı?
4. Máhállede qanday jámiyetlik paydalı jumıslar islenedi?

**Tapsırmalar**

1. Súwretlerdi dıqqat penen kórip shıǵıń. Oqıwshılar qanday jumıslar menen shuǵıllanıp atırǵanın aytıp beriń.
2. Miynet haqqındaǵı naqıllardı «Jumıs dápteri»ńizge jazıp keliń.

## 7-§. GÚZDE HAYWANLAR HÁM JÁNLIKLERDIŃ TIRISHILIGI

Mámleketimiz tábiyatı hár qıylı bolǵanı ushın, onda hár túrli haywanlar jasaydı. Haywanlardıń qısqa tayarlıǵıda hár qıylı. Shólde tasbaqa, jılan hám tıshqanlar qısta uyqılaydı. Tawlardaǵı kóp haywanlar tómenge túsip qıstı ótkeredi. Qasqır, túlki, kiyik, qoyanlar áne sonday haywanlar

Jer júzinde jánliklerdiń túrleri júdá kóp. Olar, tiykarınan, qurǵaqlıqta jasaydı. Suwda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qurǵaqlıqqa qaraǵanda júdá az jánlikler tirishilik etedi (15-súwret).

Jánliklerdiń paydalıları da, zıyanlıları da bar. Shegirtke eginlerge, puta hám tereklerge úlken zıyan keltiredi. Shıbın, súyir shıbın, búrge sıyaqlı jánlikler kesellik tarqatadı.

Biraq paydalı jánlikler de kóp. Pal hárreleri pal jıynap júrip, alma, almurt, shabdal hám basqa da terek gúllerin shańlandıradı.




15-súwret. *Jánlikler: 1 – qumırsqa; 2 – iynelik; 3 – gúbelek; 4 – shegirtke*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shańlanǵan gúller miyweleydi. Pal hárresiniń palı júdá mazalı. Nawqan qurtı bolsa jipek oraydı. Xanqızı zıyanlı qurtlardı jeydi. Qumırsqalar jerdi jumsartıp, ónimdar bolıwına járdem beredi. Jánlikler, tiykarınan topar-topar bolıp jasaydı.

Pal hárreleri mumnan durıs keteksheli uya jasaydı. Qumırsqalar jerdi qazıp uya saladı (16-súwret).

Olardıń uyaları kóp bólmeli bolıp, bir bólmesinde ana qumırsqa jasaydı. Azıq-awqatları basqa bólmede, máyekleri basqa bólmede saqlanadı. Jumısları da anıq bólistiriledi. Ana qumırsqa máyek tuwadı. Jumısshı qumırsqalar azıq-awqat alıp keledi, olardı tazalaydı, shirigenin, qabıqların uyadan sırtqa shıǵarıp taslaydı.

Al, jawınger qumırsqalar bolsa, ana qumırsqanı, jumısshı qumırsqalardı, máyeklerdi, uya hám jıynalǵan azıq-awqatlardı qorǵaydı.

Kóplegen jánlikler qısta uyqıǵa ketedi. Óz uyalarında erte báhárge shekem uyqılaydı. Sonıń ushın olar gúzde qısqa azıq-awqat jıynaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



16-súwret. *Qumırsqanıń uyası*

**Tayanısh sózler:** haywanlar, jánlikler, paydalı hám zıyanlı jánlikler, ana qumırsqa, jumısshı, jawınger qumırsqa.

## Sorawlar

1. Qanday shól haywanların bilesiz?
2. Qanday tawda jasawshı haywanlardı bilesiz?
3. Paydalı jánliklerden qaysıların bilesiz?
4. Qaysı zıyanlı jánliklerdi bilesiz?

## Tapsırmalar

1. Qumırsqalardı baqlań. Olardıń uyasına nelerdi tasıp atırǵanın, uyasınan nelerdi shıǵarıp taslap atırǵanın «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2.** Qumırsqa uyasınıń sırtqı kórinisiniń súwretin salıń.

## 8-§. ÚLKEMIZDE USHÍRASATUǴÍN QUSLAR

Quslar hár túrli sharayatta jasawǵa júdá jaqsı beyimlesken.

Olardıń párleri, ishi bos, gewek súyekleri uzaq waqıt aspanda ushıp júriwine járdem beredi. Quslar uzaq jerlerge ushıp bara aladı.

Úlkemizde de hár túrli quslar bar. Mámleketimizde jámi 410 túrden aslam quslar ushırasadı. Bazı bir quslar suwda jaqsı júzedi. Sebebi olardıń pánjeleri arasında perde bar. Quslardıń barlıǵı suwǵa jaqınıraq jerlerde uya saladı.

Quslar jánlikxor, dánxor, jırtqısh, óliksexor sıyaqlı toparlarǵa bólinedi.

Quslardıń tumsıqları olardıń ne menen azıqlanıwına qarap hár túrli dúzilgen (17-súwret). Pánjesi, tırnaqları, ayaqları da jasaw ornı hám ne menen azıqlanıwına qarap parıq etedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



17-súwret. *Hár túrli quslardıń tumsıqları*

Suw quslarınıń tumsıq hám ayaqları uzın boladı. Óliksexor quslardıń tumsıǵı kelte. Úyrek hám ǵaz suwda júzetuǵın quslar bolıp esaplanadı (18-súwret).

Jırtqısh quslardıń pánjeleri kúshli, tırnaqları ishine qayırılǵan, ótkir boladı (19-súwret).

Gúzde kún suwıtıp, jánlikler kemeyedi. Sol sebepli láylek, tırna, qarlıǵash, bódene, búlbúl hám basqa da quslar ıssı úlkelerge ushıp ketedi. Bazı bir quslar qısta da ushıp ketpeydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




18-súwret. *1 – ǵazlar; 2 – suwda júziwshi quslardıń pánjeleri; 3 – úyrek*




19-súwret. *Jırtqısh quslar: 1 – búrkit; 2 – úki*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




20-súwret. *1 – alaǵarǵa; 2 – qaraǵarǵa*

Olar shımshıq, qumırı, kepter, qaraqus (mayna) hám basqalar.

Úlkemizge gúzde ǵarǵalar ushıp keledi. Ǵarǵalar eginlerden qalǵan dánler, kólshelerdegi mayda balıqlar, topıraqtaǵı qurt-qumırsqalar menen azıqlanadı (20-súwret).

Quslardıń paydası júdá úlken. Olar qurt-qumırsqalardı, tıshqanlardı jep, kesellik tarqalıwınıń aldın aladı. Quslardı asıraw kerek.

**Tayanısh sózler:** quslardıń azıqlanıwı, jánlikxor, dánxor, jırtqısh (góshxor), óliksexor (barlıq nárseni jeytuǵın), ushıp ketiwshi, ushıp keliwshi quslar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Sorawlar

1. Úlkemizde quslar ne menen azıqlanadı?
2. Gúzde ushıp ketetugın quslardan qaysıların bilesiz?
3. Gúzde qaysı quslar úlkemizge ushıp keledi?
4. Quslardıń qanday paydası bar?

## Tapsırmalar

1. Dógerek-átirapıńızdağı quslardı baqlań.
2. Qaysı quslar qashan ushıp ketetuǵının hám qaysı quslardıń úlkemizge qashan ushıp keliwin «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.

# 9-§. ÓSIMLIKLERDIŃ QÍSQA TAYARLANÍWÍ

Ósimlikler úsh túrli kóriniste boladı. Bular ot-shópler, putalar hám terekler. (21-súwret).

Gúz kelip, kún suwıta baslawı menen ot-shópler, puta hám tereklerdiń japıraqları sarǵaya baslaydı.

Buǵan sebep, kún suwıtıwı menen ósimlikler tamırları arqalı jerden suw menen birge azıqlıq zatlardı ala almay qaladı. Nátiyjede japıraqları sarǵayıp túsedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



21-súwret. *Ot-shópler, putalar, terekler*

Bul – tereklerdiń qısqa tayarlıǵın bildiredi. Terek hám puta japıraqlarınıń sarǵayıp túsiwi gúzgi japıraq tógiliwi delinedi (22-súwret).

Tereklerdiń suwıqqa shıdamlıǵı hár qıylı bolǵanlıǵı ushın, olardıń japıraǵı hesh-qashan bir waqıtta túspeydi.

Eń dáslep ǵoza, keyin erik, alsha hám ayva japıraqların tógedi.

Gúzde shınar, ayva japıraqları qońır reńge ózgerip túsedi. Klyon, erik japıraqları qızarıp, soń túsedi. Gúzde terekler japıraqların tókkende ayırım orınlarda japıraqlardı jayıp jiberedi. Bunday etiw ulıwma múmkin emes.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



22-súwret. *Tereklerdiń gúzdegi kórinisi*

Sebebi shıǵındı janǵanda tútin hawanı pataslaydı, adamnıń densawlıǵına jaman tásir etedi.

Terekler japıraqların tógip bolǵannan soń olardıń shaqalarına forma beriledi, túbin bosatıp, jergilikli tóginler salınadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tayanısh sózler:** ósimlik, ot-shóp, puta, terek.

### Sorawlar

1. Ot-shóp, puta, terekler bir-birinen nesi menen parıq etedi? Súwretke qarap aytıp beriń.
2. Tereklerdiń japıraǵı nege sarǵayadı hám túsedi?
3. Ne ushın hár túrli tereklerdiń japıraqları bir waqıtta túspeydi?
4. Ne ushın japıraqlardı jaǵıp jibermew kerek?

### Tapsırmalar

1. Mektepten hár kúni úyge kiyatırǵanıńızda tereklerdi baqlań. Qaysı terektiń japıraǵı qanday reńge ózgergenin anıqlań.
2. Hár qıylı reńdegi japıraqlardan bir danadan alıp «Jumıs dápteri»ńizge salıń hám qaysı terektiń japıraǵı ekenligin jazıp qoyıń.

## 10-§. GERBARIY TAYARLAW

*(Mektep háwlisindegi ámeliy jumıs)*

Gerbariy — ósimliktiń óz aldına quwratıp tayarlanǵan úlgisi. Ot-shóp, onıń tamırı, denesi, japıraqları tolıq alınıp, gerbariy tayarlanadı. Onıń ushın biyikligi 40 sm, eni 30 sm qaǵaz eki búklenedi. Búklengen qaǵaz ishine



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



23-súwret. *Gerbariy usılay tayarlanadı*

shóptiń tamırı, denesi, japırağı menen birge salınıp, jelimlenedi Shóptiń atı, ne ushın kerekligi, qay jerde ósetuǵını hám miywesi haqqında jazıp qoyıladı.

Gerbariydi kim, qashan, qay jerde tayarlanǵanın da jazıp qoyıw kerek.

Gerbariyden «Átirapımızdağı álem» sabaqlığınıń ayırım temaların ótkende kórgizbe qural sıpatında paydalanıw múmkin.

Gerbariy ósimlikler haqqındaǵı maǵlıwmatnama esaplanadı. Ósimliklerdi úyreniw-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shiler ósimliktiń ózi bolmasa onı gerbariyden úyrenedi.

Ózbekstanda «Ósimlik hám haywanatlar dúnyası genofondı» institutında bir yarım millionǵa jaqın gerbariy saqlanadı. Olardan júdá kóp ósimliklerdi úyreniw múmkin.

**Tayanısh sózler:** gerbariy, ósimlik denesi, tamırı, miywesi.

**Sorawlar**

1. Gerbariy qalay tayarlanadı?
2. Gerbariy ne ushın kerek?
3. Gerbariyden qay jerde, kimler paydalanadı?

**Tapsırmalar**

1. Úyge barǵannan soń, háwlińiz hám onıń átirapında ósetuǵın ósimliklerden gerbariy tayarlań.
2. Tógilip túsken japıraqlardan gúbelek hám iyneliktiń formaların applikaciya jolı menen isleń.

## 11-§. KÁSIPLER HAQQINDA

Balalar, adamlar ózine kerekli bolǵan zatlardı qayjerden aladı, degen sorawǵa sizler álbette tábiyattan dep juwap beresiz. Awa,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tábiyattan aladı. Biraq tábiyatta qanday bolsa solayınsha alıp islete bermeydi.

Onı qayta isleydi, ózine kerekli halǵa keltiredi. Buǵan, mısalı, bizler jeytuǵın nandı alıp kóreyik.

Nan tábiyatta nan halında bolmaydı. Bunıń ushın diyqanlar jerge biyday egedi. Biyday piskennen keyin onı orıp alıp, un etiledi. Unnan nanshılar qamır iylep, nan jawadı.

Kóshelerde zırlap júrgen mashinalardı, aspanda ushıp júrgen samolyotlardı, teńiz hám okeanlarda júzip júrgen kemelerdi ónermentler, ustalar tábiyattan alǵan zatlardan islegen.

Balalar, sizler oqıp atırǵan kitaplardı da adamlar jazıp, soń kitap basatuǵın stanoklarda basılıp shıǵarılǵan.

Sizler oqıytuǵın mektep imaratın da adamlar qurǵan.

Bizler hár kúni jeytuǵın hár qúylı miywelerdi de adamlar — baǵmanlar jetistirgen.

Mine usınday bir nárseni jetistiriw hám bir nárseni islep shıǵarıw kásip dep ataladı. Oqıtıwshılıq, tárbiyashılıq da júda kerekli kásip esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Adamlar hár túrli kásiplerdi iyeleydi. Bunıń menen hámme adamlar bir-birine baylanısadı, bir-birine járdem beredi. Házirgi waqıtta bunısız jasap bolmaydı. Sizler de jaqsı oqıp, keleshekte adamlarǵa paydalı kásipti iyeleń

**Tayanısh sózler:** kásip, diyqan, baǵman, nanshı, ónerment, oqıtıwshı, jazıwshı.

## Sorawlar

1. Adamlar ózine kerekli nárselerdi qay jerden aladı?
2. Biydaydan nan tayarlaw ushın neler islenedi.?
3. Hár túrli miywelerdi qaysı kásip iyeleri jetistiredi?
4. Oqıtıwshı adamlarǵa qaysı isi menen payda keltiredi?

## Tapsırma

Ákeńiz, anańız qanday kásipti iyelegenlerin hám ne ushın sol kásipti tańlaǵanıǵın sorap bilip alıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ANA TOPÍRAǴÍMÍZ — JER



## 12-§. JER — PLANETA

Biz jasap atırǵan Jer — planeta. Ol Quyash átirapında aylanatuǵın segiz planetalardıń birewi. Jer júda úlken shar formasına iye

Jer sharınıń aylanası 40 mıń kilometr. Jerdiń ishki dúzilisi máyektiń dúzilisine uqsaydı. Jerdiń ústińgi bólegin qattı Jer qabıǵı qaplaǵan. Onnan tómeninde qalıń, ıssı qatlam — mantiya jaylasqan. Onnan da tereńirekte tıǵız, awır, qızıp jatqan yadro (Jer maǵızı) jaylasqan (24-súwret). Jer betinen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jer orayına shekem bolǵan aralıq ortasha esapta altı mıń úsh júz alpıs kilometrge teń.




24-súwret. *Jerdiń ishki dúzilisi*

Jerdi jaqsı úyreniw ushın kishireytilgen forması — globus jasaladı. Globusta jer betindegi qurǵaqshılıq jerler, teńiz hám okeanlar, úlken keńislikler hám tawlar hár túrli reńler menen kórsetiledi (25-súwret).

Dúnyadaǵı birinshi globustı bizlerdiń babamız ullı alım Abu Rayhan Beruniy bunnan mıń jıl aldıń islegen.

**Tayanısh sózler:** planeta, Jer qabıǵı, mantiya, yadro, globus.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




25-súwret. *1 – Jerdiń kosmostaǵı kórinisi; 2 – globus*.

## Sorawlar

**1.** Jer qanday formaǵa iye?
**2.** Jerdiń ishki bólegi qanday?
**3.** Globus ne. Onda neler kórsetilgen?
**4.** Birinshi globustı kim islegen?

## Tapsırma

Jerdiń kosmostaǵı kórinisi menen globustaǵı kórinisin salıstırıń. Uqsas tárepleri hám ayırmashılıǵın anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 13-§. JERDIŃ HÁREKETLERI

Jer basqa planetalar sıyaqlı Quyash átirapında aylanadı. Jer Quyash átirapında úsh júz alpıs bes kúnde bir márte tolıq aylanıp shıǵadı (26-súwret).



26-súwret. *Jerdiń Quyash, Aydıń Jer átirapında aylanıwı*

Bul waqıttı biz 1 jıl deymiz.

Bunnan tısqarı ol óz kósheri átirapında da aylanadı. Jer óz kósheri átirapında Quyashqa salıstırǵanda bir kún, bir túnde, yaǵnıy 24 saatta bir márte aylanıp shıǵadı.

Bunda kún hám tún almasadı. Bir kún sutka dep ataladı.

Aydı hámmeńiz kórgensiz. Ay—Jerdiń tábiyiy joldası. Ol Jer átirapında aylanadı. Jer Quyash átirapında bir márte aylanıp shıǵaman degenshe Ay jer átirapında 12 mártebe ayla-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



27-súwret. *Quyash*



28-súwret. *Ay*

nadı. Sonıń ushın jıl 12 ayǵa bólinedi. Aydıń Quyashtan parqlı tárepi sonda, ol ózi nur shashpaydı. Quyashtan kelgen nurdı qaytaradı (27- hám 28-súwretler).

Onıń bir tárepin Quyash nurı jaqtılandıradı. Ekinshi tárepi qarańǵı bolıp, bizge kórinbeydi. Sonıń ushın Ay hár túrli bolıp kórinedi.

**Tayanısh sózler:** Jer, Ay, Quyash, jıl.

**Sorawlar**

1. Jer Quyash átirapında neshe kúnde 1 márte aylanıp shıǵadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Jer óz kósheri átirapında aylanǵanda qanday qubılıs júz beredi?
3. Ay bizge ne ushın hár túrli kórinedi?

**Tapsırma**

Aydıń hár túrli kórinisin baqlap barıń hám qaysı kúni qanday kóringenin «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.

## 14-§. WAQÍT ÓLSHEW BIRLIKLERI

Waqıttı esaplawǵa Jerdiń óz kósheri hám Quyash átirapında aylanıwı tiykar etip alınǵan.

Jerdiń óz kósheri átirapında bir márte aylanıp shıǵıwına ketken waqıt sutka dep ataladı.

Jerdiń Quyash átirapında bir márte aylanıp shıǵıwı ushın ketken waqıt 1 jıl dep ataladı. 1 jıl 12 ayǵa, hárbir ay háptelerge bólinedi. Hárbir háptede 7 kún bar (29-súwret).

Hárbir aydıń óz atı bar.

Bir tún bir kún, yaǵnıy bir sutka 24 saatqa bólinedi.

Hárbir sutka yarım túnde, yaǵnıy saat 24 ten keyin baslanadı. Waqıttı anıq belgilew ushın hárbir saat 60 minutqa bólinedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




29-súwret. *Jıl hám aylar, hápte kúnleri*

Hárbir minut, óz gezeginde 60 sekundqa bólinedi.

Waqıttı anıqlaw, belgilew tártibi sáne delinedi.

**Tayanısh sózler:** jıl, ay, hápte, kún, sutka, saat, minut, sekund, sáne.



## Sorawlar

**1.** Waqıttı esaplawǵa ne tiykar etip alınǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Bir háptede neshe kún bar? Hápte kúnleri qanday ataladı?
3. Bir jıl neshe aydan ibarat? Olar qanday ataladı?
4. Sutka dep qansha waqıtqa aytamız?

**Tapsırmalar**

1. Hárbirińiz qaysı jılı, qaysı ay, qaysı kúni hám qay waqıtta tuwılǵanıńızdı ata-anańızdan sorap bilip alıń.
2. Mámleketimizde qanday bayramlar qaysı ay, qaysı kúnde bolatuǵının bilip, «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.

## 15-§. JER BETINIŃ DÚZILISI

Jer júdá úlken shar formasına iye. Júdá úlken bolǵanlıǵı ushın da onıń beti bizge tegis bolıp kórinedi. Biraq Jer beti hámme jerde hár qıylı. Jer betinde mıńlap kilometrge sozılıp ketken tawlar, tegislikler, suwlı, suwsız jerler bar (30-súwret).

Biziń Watanımız — Ózbekstannıń jer beti de birdey emes. Onıń shıǵıs — kúnshıǵar tárepin biyik qarlı tawlar, úlken, keń oypatlıqlar iyelegen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




30-súwret. *Jer betiniń dúzilisi:*
*1 – taw; 2 – tegislik; 3 – suw; 4 – shól*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mámleketimizdiń batıs — kúnbatar tárepinde shólden ibarat tegislikler, beti tegis dalańlıqlar, páskeltek toǵaylar jaylasqan.

Taw hám oypatlıqlarda jaz birqansha salqın boladı. Qar hám jawın da kóp jawadı. Terek, puta hám kók shópler qalıń bolıp ósedi. Shólistanlıqlarda jawın, qar az jawadı, jaz ıssı boladı. Siyrek kók shópler ósedi. Kóp jerlerin qumlar basıp jatadı.

Hárbir taw, tegislik hám dalańlıqtıń óz atı bar. Shıǵıstaǵı tawlar Tyan-shan, Túrkstan hám Gisar tawları dep ataladı. Olardıń shıńları jazda da qar hám muzlıqlar menen qaplanıp jatadı.

Mámleketimizdegi eń úlken tegislik Turan oypatlıǵı bolıp tabıladı. Onıń úlken bólegin Qızılqum shóli iyelegen. Shólden ibarat tegislikler hám keń oypatlıqlarǵa xalqımız suw aparıp eginzarlar, baǵlar jaratqan.

**Tayanısh sózler:** taw, tegislik, dalańlıq, oypatlıq, shıǵıs, batıs, shólistanlıq.

**Sorawlar**

1. Tawlarda jer beti qanday kóriniste boladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Tegislikte adamlar kóbirek qanday jumıslar menen shuǵıllanadı?
3. Ózbekstanda jaylasqan qaysı taw hám tegisliklerdi bilesiz?

**Tapsırmalar**

1. Siz jasap atırǵan orındaǵı jer beti qanday: tawlıma, tegislikpe? Úyrenip keliń.
2. Ózińiz jasaytuǵın jerdegi haywanlar, eginler hám miyweli tereklerdiń atların «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.

## 16-§. SUW – TIRISHILIK DEREGI

Suwdı tábiyat káramatı dewimiz múmkin. «Suw bar jerde tirishilik bar», — deydi. Haqıyqatında da sonday (31-súwret).

Jer betinde suw júdá kóp. Jer júzinde qurǵaqlıqqa qaraǵanda suw menen qaplanǵan jerler kóbirek úshten eki bóleginen kóbiregin suw qaplaǵan.

Biraq Jer betinde suw júdá az bolǵan shóller de bar.

Watanımız — Ózbekstannıń da yarımınan kóbirek aymaǵı shóllerden ibarat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Suw salma hám dáryalardan aǵadı, kól, teńiz hám de okeanlarda boladı.

Muz halındaǵı suw suwıq úlkelerde Jer betin qaplap jatadı.

Biyik tawlardaǵı qarlar báhárde hám jazda erip, aǵın suw bolıp dáryalarǵa quyadı. Teńiz hám okean suwlarınıń betleri Quyash



31-súwret. *Suw bar jerde tirishilik bar*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

nurı tásirinde ısıp, puwǵa aylanıp hawaǵa kóteriledi.

Keyin bultqa aylanadı, bulttan jawın yaki qar bolıp jáne jerge jawadı.

Qıs máwsiminde tawlarǵa jawǵan qar báhár keliwi menen erip, dárya, say hám salmalarǵa aǵıp keledi. Biz bul suwdı ishemiz, eginlerdi suwǵaramız.

Ata-babalarımız suwdı únemlep paydalanǵan. Suwdan únemlep paydalanıp, baǵlar, egin maydanların jaratqan.

Biz de suwdı pataslamay, tejep, nátiyjeli paydalanıwımız zárúr.

**Tayanısh sózler:** teńiz, dárya, say, kól, salma, suw, qar, muz, puw.

## Sorawlar

1. Siz jasaytuǵın jerde qanday dárya, kól, say hám japlar bar?
2. Siz suwdan qalay paydalanasız?
3. Dáryalarǵa suw qay jerlerden agıp keledi?

## Tapsırma

Siz jasaytuǵın jerde suwdıń nelerge sarplanatuǵının «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 17-§. 1-yarım jılda alǵan bilimińizdi tekserip kóriw ushın testler

**1. Átirapımızdaǵı álem ne?**
A) Aspan.
B) Jer.
C) Quyash hám Ay.
D) Átirapımızda kórip turǵan hámme nárse.

**2. Adamnıń seziw aǵzası neshew?**
A) Ekew.
B) Úshew.
C) Tórtew.
D) Besew.

**3. Suw tábiyatta neshe jaǵdayda ushırasadı?**
A) Úsh.
B) Tórt.
C) Bir.
D) Bes.

**4. Hawa rayı dep nege aytıladı?**
A) Jawın jawǵanda.
B) Qar jawǵanda.
C) Suwıq hawaǵa.
D) Hawanıń qısqa waqıttaǵı jaǵdayına.

**5. Termometr ne?**
A) Hawa, súw dene temperaturasın ólsheytuǵın ásbap.
B) Jerde uzınlıqtı ólsheytuǵın ásbap.
C) Awırlıqtı ólsheytuǵın ásbap.
D) Metrlerge bólingen ásbap.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**6. Jıl máwsimleriniń almasıwı nelerge baylanıslı?**

A) Kúnniń ıssı yaki suwıq bolıwına.
B) Samallarǵa.
C) Quyashqa baylanıslı.
D) Jawınnıń kóp yaki az juwıwına baylanıslı.

**7. Gúz qanday máwsim?**

A) Gúz ónim jıynalatuǵın máwsim.
B) Mazalı miyweler pisetuǵın máwsim.
C) Paxta ashılatuǵın máwsim.
D) Hámme juwaplar tuwrı.

**8. Shembilik ne?**

A) Xalıqtıń kópshilik bolıp jumıstı orınlawı.
B) Hámme óz jumısın orınlawı.
C) Balalardıń bir-birine járdem beriwi.
D) Balalardıń birgelikte oynap júriwi.

**9. Tómendegilerden paydalı jánliklerdi belgileń.**

A) Pal hárresi, xanqızı.
B) Shegirtke.
C) Gúbelek.
D) Iynelik.

**10. Pal hárreniń qanday paydası bar?**

A) Báhárde gúlden gúlge ushıp júredi.
B) Gúllegen miywelerdi shańlatadı.
C) Heshqanday paydası joq.
D) Adamlardı shaǵadı.

**11. Quslar neshe toparǵa bólinedi?**

A) 2 toparǵa.
B) 3 toparǵa.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

C) 4 toparǵa.
D) Toparlarǵa bólinbeydi.

**12. Ne ushın bir jıl úsh júz alpıs bes kún dep alınǵan?**

A) Bir jıl tórt máwsim bolǵanı ushın.
B) Ay Jer átirapında aylanǵanı ushın.
C) Bir jıl 12 ay bolǵanı ushın.
D) Jer Quyash átirapında úsh júz alpıs bes kúnde bir márte aylanǵanı ushın.

**13. Ay bizlerge nege hár qıylı bolıp kórinedi?**

A) Ay ózi nur shashpaǵanı ushın.
B) Bizler Aydıń Quyash jaqtılandırǵan tárepin kórgenimiz ushın.
C) Aydıń ózi sonday hár qıylı bolǵanı ushın.
D) Aydıń qaranǵıda kóringeni ushın.

**14. Bir hátede neshe kún bar?**

A) 5 kún.
B) 6 kún.
C) 7 kún.
D) 8 kún.

**15. Mámleketimizdiń qaysı tárepinde tawlar bar?**

A) Batıs tárepinde.
B) Shıǵıs tárepinde.
C) Qublada.
D) Arqada.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÚLKEMIZDE QÍS



## 18-§. QÍS

Dekabr, yanvar hám fevral qıs ayları boladı. 22-dekabrde Quyash aspanda kók jiyekke eń jaqın boladı. Bul kún Quyashtıń qısqı toqtaw kúni delinedi.

Qısta hawa kóbinese bultlı boladı. Quyash nurları qıya túsip jerdi jaqsı ısıtpaydı. Tez-tez qar jawadı.

Tawlar biyik hám suwıq bolǵanı ushın qar kóp jawadı, báhár hám jazǵa shekem erimey jıynalıp turadı. Báhár hám jazda dárya hám saylarda suw kóp boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



32-súwret. *Qıs quwanıshı*

Tegisliklerde de geyde kún suwıtıp, hawanıń temperaturası 0°C tan da páseyip ketedi, ızǵırın samallar esedi, jer betin qar qaplaydı, dárya, kól hám arna suwları muzlap baslaydı.

Qısta qar kóp jawsa, jazda suw mol boladı. Qıs máwsiminde hámme waqıtta da qattı suwıq bola bermeydi. Quyashlı jıllı kúnler de boladı.

**Tayanısh sózler:** qıs, dekabr, yanvar, fevral, jiyek, dárya, say.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Sorawlar

1. Qaysı aylardı qıs ayları deymiz?
2. Qısta hawa-rayı qanday boladı?
3. Ne ushın tawlarda qısta qar jıynalıp qaladı?

### Tapsırma

Qısqı dem alıs kúnleri siz jasaytuǵın jerde hawa rayı qanday bolǵanın «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.

## 19-§. QÍSQÍ MIYNET

Qalada jasaytuǵın hám awılda jasaytuǵın xalıqtıń qıstaǵı miynetiniń bir-birinen ayırmashılıǵı bar.

Qalalarda adamlar túrli kárxanalar, ustaxanalar, qurılıslarda isleydi.

Qısta qalıń qar jawǵan kúnleri kóshe, háwli, maydanshalardı qar hám muzdan tazalaydı.

Awıllıq jerlerde bolsa, atız jumısları biraz azayadı, biraq teplicalarda túrli miywe hám ovochlar, hár qıylı kók shópler jetistiriledi. Báhárde erte egiw ushın teplicalarda qıyar,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

pomidor, kapusta hám hár qıylı gúllerdiń nállerine tárbiya beriledi (33-súwret).



33-súwret. *Teplicada nállerdi kútip qaraw*.

Adamlar úy haywanların úylerinde hám fermalarda baǵadı (34-súwret).



34-súwret. *Úy haywanları qısta arnawlı qoralarda baǵıladı*.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Diyqanlar atızlarǵa jergilikli tógin tógedi. Topıraǵı duzlı jerlerdiń duzı juwıladı.

Kanallar, salmalar tazalanadı.

Awıl miynetkeshleri qısta shigit egetuǵın traktor hám basqa da mashinaların báhárgi egis jumıslarına tayarlaydı.

**Tayanısh sózler:** kárxana, ustaxana, teplica, ferma, diyqan

## Sorawlar

1. Qalada turatuǵın adamlar qısta qay jerde isleydi?
2. Diyqanlar qısta qanday jumıslar isleydi?
3. Teplicalarda neler jetistiriledi?

## Tapsırma

1. Siz jasaytuǵın jerde teplica bolsa, onda qanday ósimlikler ósetuǵının baqlań. Olardıń atın «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń
2. Siz jasaytuǵın jerdegi kárxanada neler islep shıǵarılatuǵının «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 20-§. ÚY HAYWANLARÍNÍŃ QÍSTAĠÍ TIRISHILIGI

Áyyemgi zamanlarda barlıq haywanlar jabayı túrinde bolǵan.

Adamlar ayırım haywanlardı áste-aqırın qolǵa úyretip, úy haywanlarına aylandırǵan. Jabayı haywanlardıń qundız, suwın sıyaqlı ayırım túrleri házirde qolǵa úyretilip, baǵılmaqta.

At, sıyır, túye, qoy, eshki (35-súwret); quslardan — tawıq, úyrek, ǵaz, túyetawıq hám sayraytuǵın quslar qısta adamlardıń




35-súwret. *Úy haywanları:*
*1 – sıyır; 2 – at; 3 – eshki*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

úylerinde arnawlı bólmelerde hám fermalarda baǵıladı.

Olar ushın jazda hám gúzde azıqlıq — pishen, dán, jem tayarlap qoyıladı.

Úy haywanları hám quslar baǵılatuǵın fermalar hám arnawlı xanalar qısta ısıtıladı, waqtında tazalanıp, samallatıp turıladı.

Úlken fermalarda kóp jumıslar avtomatlastırılǵan. Qus hám sharwa mallarınıń sawlıǵına mal doktorı — veterinarlar qarap turadı. Sharwa malları hám quslarǵa waqtı-waqtı dári-dármaqlar berip turıladı.

**Tayanısh sózler:** úy haywanları, fermalar, vetirinar, dári-dármaq.



## Sorawlar

1. Siz úyde qanday haywanlardı baǵasız? Olardı úyde baǵıwdaǵı maqsetińiz ne?
2. Siz jasaytuǵın jerde qanday úy haywanları baǵıladı?
3. Siz jasap atırǵan jerde qanday haywanlar baǵılatuǵın fermalar bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsırma**

Siz jasaytuǵın jerde qanday úy hawyanları hám quslar barlıǵın anıqlań hám olardıń atlarıń «Jumıs dápteri»ńizge jazip qoyıń.

## 21-§. JABAYÍ HAYWANLARDÍŃ QÍSTAǴÍ TIRISHILIGI

Jabayı haywanlarǵa qısta birqansha qıyın boladı. Suwıq kúnlerde olar azıq izlewge májbúr boladı.

Sonıń ushın olar jaz hám gúz aylarında semirip, kóbirek may toplaydı. Jerdi qalıń qar qaplaǵan waqıtta ayıw sıyaqlı ayırım haywanlar jer astındaǵı uyalarında uyqıǵa ketedi (36-súwret).

Jılanlar, qurbaqalar, kirpitikenler, tasbaqalar, qumırsqalar, bázı bir jánliklerde qısta uyqılaydı. Báhárde kúnler ısıwı menen olar oyanadı hám azıq izlep, tirishiligin dawam ettiredi.

Tırna, láylek, búlbúl, qarlıǵash, jabayı úyrek sıyaqlı bazı bir quslar gúzde jıllı úlkelerge ushıp ketedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




36-súwret. *Jabayı haywanlar:*
*1 – ayıw hám ayıwdıń balaları;*
*2 – túlki; 3 – suwın*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shımshıq, qumırı, kepter, awǵan shımshıǵı kibi quslar qısta da ushıp ketpeydi, olar biziń qıs kúnlerimizge úyrenip qalǵan.

Bunday quslar adamlardıń úylerine jaqınıraq jerlerde jasaydı. Olar shıǵındı terip jep, kún kóredi.

**Tayanısh sózler:** jabayı haywanlar, ıssı úlkeler, shıǵındı azıqlıq.

## Sorawlar

1. Siz jasaytuǵın jerde qaysı quslar gúzde ushıp ketip, báhárde qaytıp keledi?
2. Siz ózińiz úyde qanday jabayı haywanlardı baǵasız? Olardı baǵıwdaǵı maqsetińiz ne?
3. Siz jasap atırǵan jerde qanday jabayı haywanlar bar. Olar qısta ne menen awqatlanadı?

## Tapsırma

Jasaytuǵın jerińizde qanday jabayı haywanlar barlıǵın úlkenlerden sorap bilip alıń hám «Jumıs dápteri»ńizge atların jazıp qoyıń.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÚLKEMIZDE BÁHÁR



## 22-§. BÁHÁRDEGI ÓSIMLIKLERDIŃ TIRISHILIGI

Biziń mámleketimiz — Ózbekstanda báhár erterek fevral ayınıń ortalarınan baslanadı.

Báhárde Quyash kem-kemnen joqarı kóterilip, hawa, jer ısıy baslaydı. Tez-tez jawın jawadı, jer ızǵar boladı. Bul ızǵar hawa rayı sharayatında erte ónip shıǵıp, gúlleytuǵın ósimlikler ushın júdá qolay.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Eń aldı menen baysheshek, lalaqızǵaldaq, keyin lala gúlleri ashıladı (37-súwret).





37-súwret. *Báhár gúlleri:*
*1 – baysheshek*; *2 – lalaqızǵaldaq*

Kúnler ısıp barǵan sayın tereklerdiń denesine jerden suw menen birge azıqlıq zatlar kóteriledi.

Búrtikler bórtip úlkeyedi, soń gúlleydi. Eń aldı menen badam gúlleydi hám japıraq shıǵaradı. Keyin shabdal, erik, anar, shiye, alsha, alma gúlley baslaydı (38-súwret).



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Eń sońında ayva gúlleydi. Kópshilik terekler aldın gúllep, soń japıraq jayadı. Ayva bolsa aldın japıraq shıǵarıp, keyin gúlleydi. Bul máwsimde tábiyat pútkilley jańalanadı. Gúzde ushıp ketken quslar jáne Watanımızǵa qaytıp keledi.

Báhárde geyde hawanıń suwıp ketetuǵın kúnleri de boladı. Birden túsetuǵın qattı suwıqtı «Qara suwıq», — deydi.



38-súwret. *Gúllegen erik aǵashı*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Qara suwıq» júdá qáwipli, ol miyweli tereklerdiń gúlin, atızlarda egilgen eginlerdi qaraytıp ketedi.

Baǵmanlar «Qara suwıq»ta miyweli terekler-diń gúlleri hám jańa shıǵarǵan miywelerin suwıq urıp ketpesligi ushın miyweli baǵlardıń samal keletuǵın tárepine ot jaǵadı. Usınday jol menen olar tereklerdi suwıq urıp ketiwinen saqlaydı.

**Tayanısh sózler:** sarıgúl, lalaqızǵaldaq, lala, miyweli terekler, «Qara suwıq».

## Sorawlar

1. Eń aldın qaysı gúller ashıladı?
2. Qaysı terekler aldın gúllep, keyin japıraq shıǵaradı?
3. Qaysı terek aldın japıraq shıǵarıp, keyin gúl-leydi?
4. «Qara suwıq» qanday suwıq?

## Tapsırma

Mektepke baratuǵın jolıńızda ushırasatuǵın te-reklerdi baqlań. Qaysı terekler dáslep gúlle-genin, qaysıları birinshi bolıp japıraq shıǵara baslaǵanın anıqlap, «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 23-§. ÓSIMLIKLER QALAY KÓBEYTTIRILEDI?

Háwli, atız, gúlzar hám bağlarda ósetuğın shópler, terekler, putalar hám gúller ósimlik delinedi. Olardıń eń áhmiyetli qásiyetlerinen biri hawanı tazalap turadı (39-súwret).

Biz mazalı miywelerdi súysinip jeymiz. Olar vitaminlerge júdá bay.



39-súwret. *Ósimlikler karbonat angidridin jutıp, insan ushın zárúr bolğan kislorodtı shığaradı*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sulıw gúller bolsa adamdı ózine tartadı. Kewildi kóteredi.

Kópshilik eginler tuqımınan kóbeyttiriledi. Paxtanıń shigiti, qawın, ǵarbız, jambılsha, qabaq, geshir, pıyazdıń tuqımı egiledi (40-súwret).

Pomidor, burısh hám kapusta tuqımınan kóbeyttirilip, keyin nálinen de egiledi. Kartoshka bolsa túyneginen kóbeyttiriledi.

Erik, ǵoza, shabdaldıń shańǵalaǵı egiledi. Ánar, ánjir, júzimniń qálemshesi egip qoyılsa, kógerip ketedi. Tal hám terekler de qálemsheden kógeredi.




40-súwret. *Tuqımınan kóbeyttiriletuǵın eginler:* *1 – paxta; 2 – ǵarbız; 3 – geshir*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ayırım miyweli terekler jaqsı ónim beretuǵın sortlarǵa sabıladı. Kóbinese alma, almurt, shiye, erik, shabdal sabılıp kóbeyttiriledi. Sabıw eki túrde boladı — búrtik sabıw hám sına sabıw. (41-súwret).







41-súwret. *Ósimliklerdi sabıw*

**Tayanısh sózler:** ósimlik, tuqım, shańǵalaq, shigit, qálemshe, sabıw, nál.

## Sorawlar

1. Ósimliklerdiń qanday paydası bar?
2. Qaysı eginler tuqımınan egip kóbeyttiriledi?
3. Qaysı miywelerdiń shańǵalaǵı egiledi?
4. Miyweli terekler ne ushın sabıladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsırma**

Eki ıdıs alıń. Olarǵa suw quyıń. Birewine bólme gúlleri shaqasınan úlkenler járdeminde qırqıp alıp, salıp qoyıń. Ekinshisine erik hám tal shaqaların salıń. Olardı 2 hápte baqlań. Shaqalardan tamır shıqsa, qálemsheden tamır shıqpasa, shańǵalaqtan kóbeyetuǵının bilip alasız.

## 24-§. BÁHÁRDEGI MIYNET

Báhárde diyqanlardıń jumısları kóbeyedi. Diyqanlar jerdi súrip, egin egiwge tayarlaydı. Dáslep shigit, keyin mákke, júweri, kartoshka, piyaz, qawın, ǵarbız egedi.

Házirgi waqıtta qawın, ǵarbız hám qıyar plyonka astına egilmekte. Bunda egin tez pisedi.

Qıs máwsiminde de teplicalarda ósirilgen palız ónimleri menen bazarlarımız tolıp turadı.

Pomidor, kapusta, qızıl burısh nálleri de teplicalarda ósirilip, soń atızlarga otırǵızıladı. Báhár keliwi menen baǵmanlardıń jumısı kóbeyedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Terekler putalıp, astı tazalanadı. (42-súwret) Soń zıyanlı jánliklerge qarsı dári sebiledi. Qala hám awıllarda dekorativ hám miyweli tereklerdiń nálleri otırǵızıladı. Salma hám gúlzarlar tazalanadı. Gúller egiledi.



42-súwret. *Tereklerdiń túbin jumsartıw*

Terek hám gúl nálleriniń túbi jumsartıladı. Terekler hák penen háklenedi. Bul jumıslarda oqıwshılar da belsene qatnasadı.

**Tayanısh sózler:** baǵman, dekorativ hám miyweli terekler, hák.

## Sorawlar

1. Diyqanlar báhárde qanday jumıslardı isleydi?
2. Baǵmanlar tereklerdi qalay tárbiyalaydı?
3. Qala hám awıllarda báhárde qanday jumıslar islenedi?

## Tapsırma

Mektep háwlisi hám úy qaptalında egilgen gúller hám de nállerdi baqlap, tárbiyalap turıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 25-§. BÁHÁRDEGI JÁNLIKLERDIŃ TIRISHILIGI

Tereklerdiń qabıǵı astında, denesindegi oyıqlarda, topıraq arasında qısı menen uyqılap jatqan jánlikler báhárde oyanadı.

Ásirese, pal hárresi, sarı hárre, hár qıylı gúbelekler, xanqızı, iynelik, súyir shıbınlar, shıbınlar qıbırlap baslaydı. Úlken-kishi qumırsqalar payda boladı (43-súwret). Olar jer qazıp uya quradı.




43-súwret. *Báhárde payda bolatuǵın jánlikler: 1 – iynelik; 2 – shirinje; 3 – sarı hárre; 4 – xanqızı; 5 – pal hárresi*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jánlikler eki toparǵa — paydalı jánlik hám zıyanlı jánliklerge ayırıladı. Pal hárreleri, sarı hárreler gúllerdi shańlandıradı. Mol ónim alıwǵa járdem beredi.

Qumırsqalar topıraqtı jumsartıp, ónimdarlıǵın arttıradı (44-súwret).



44-súwret. *Qumırsqalar*

May qońızı, súyir shıbın, ǵórek qurtı hám shıbınlar zıyanlı.

Qońızlardıń may ayında ushıp shıǵatuǵın bir túri may qońızı dep ataladı (45-súwret).

Bul qońız máyegin topıraqqa kómip qoyadı. Báhárde máyeginen qurt (buzawbas) payda boladı. Ol úlkeyip qońızǵa aylanadı.

Qońız terektiń japıraǵı hám miywesi menen azıqlanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




45-súwret. *Zıyanlı jánlikler: 1 – ǵórek qurtı; 2 – órmekshi; 3 – may qońızı: a – máyegi, b – qurtı, d – quwırshaǵı*

Máyekten payda bolǵan buzawbas ósimliktiń tamırın jep, onı quwratadı.

Zıyanlı jánliklerdi joq etiwde jánlikxor quslardıń paydası úlken.

Olarǵa jónsiz jábir berip óltirmewimiz kerek.

Sonıń ushın biz paydalı jánliklerdiń, quslardıń kóbeyiwine járdem beriwimiz, olardı qorǵawımız kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tayanısh sózler:** pal hárresi, sarı hárre, qumırsqalar, may qońızı, buzawbas.

### Sorawlar

1. Qıs uyqısınnan jánlikler qashan oyanadı?
2. Ózińiz jasaytuǵın jerde ushırasatuǵın qanday jánliklerdi bilesiz?
3. Qaysı jánlikler paydalı, olardıń qanday paydası bar?
4. Qaysı jánlikler zıyanlı, olardıń qanday zıyanı bar?

### Tapsırma

Ózińiz jasaytuǵın jerde ushırasatuǵın jánliklerdi «Jumıs dápteri»ńizge jazıń.

## 26-§. NAWRIZ — JAŃA KÚN

21-mart kúni tún menen kún teń boladı. Quyash usı kúnnen baslap biyik kóterilip, kún túnnen uzaya baslaydı.

Mámleketimizde hár jılı 21-mart kúni Nawrız bayramı belgilenedi. Bul jańa jıl, jańa kún bayramı boladı.

Xalqımız Nawrız bayramın áyyem zamanlardan baslap belgilep kelgen. Nawrızda hár



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

túrli vitaminlerge bay awqatlar, súmelek hám nawrız góje pisirgen.

Nawrız bayramı aldınan ulıwmaxalıqlıq shembilik ótkizilip, salmalar, kósheler, maydanlar, háwliler tazalanıp tártipke salınadı.



46-súwret. *Báhárdiń tańsıq tağamı— súmelek pisiriw*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Maydanlarda. kósherler shetine terekler, gúller egiledi.

Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen keyin Nawrız bayramı qayta tiklendi. Pútkil mámleketimizde Nawrız bayramı belgilenetuǵın boldı.



47-súwret. *Nawrız bayramı*.

**Tayanısh sózler:** Nawrız bayramı, súmelek, kók somsa, shembilik.

## Sorawlar

1. Báhárde tábiyatta qanday ózgerisler júz beredi?
2. Nawrız bayramı qashan kirip keledi?
3. Nawrız qanday bayram?

## Tapsırma

Máhálleńizde Nawrız bayramı qalay belgilenetuǵının «Jumıs dápteri»ńizge jazıp keliń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 27-§. BÁHÁRDE ÚLKEMIZGE QUSLARDÍŃ QAYTÍP KELIWI

Báhárde kún ısıp, jánlikler oyanıwı menen gúzde ushıp ketken quslar úlkemizge qaytıp kele baslaydı. Birinshi bolıp qarlıǵash penen qaratamaq ushıp keledi (48-súwret).




48-súwret. *Quslar:*
*1 – qarlıǵash; 2 – búlbúl*

Bul eki qus kishkene, sulıw hám háreketsheń. Olar tek mayda jánlikler, súyir



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shıbın hám shıbınlar menen awqatlanıp, adamlarǵa payda keltiredi.

Paydalı hám jaǵımlı sayraytuǵın quslardan jáne biri — búlbúl boladı.

Búlbúl elimizge aprel ayınıń aqırı, may ayınıń baslarında ushıp keledi. Ol da tek jánlikler menen awqatlanadı.

May ayınıń aqırı hám iyun ayınıń baslarında 4—5 máyek tuwadı. Máyeklerinen 13—14 kúnde palapan shıǵaradı. Palapanın 15 kúnnen keyin ushıwǵa tayarlaydı.




49-súwret. *Láylek hám tırna*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Báhárde úlkemizge úlken quslardan láylek hám tırnalar da ushıp keledi. Olar uzın ayaqlı hám uzın tumsıqlı quslar boladı. (49-súwret).

Bul quslar kóller, dáryalar, batpaqlıqlarǵa jaqın uya saladı. Olar kemiriwshi haywanlar, jılan, balıqlar menen awqatlanadı.

Quslardıń hámmesi de paydalı. Sonıń ushın da biz quslardı qorǵawımız, uyaların buzbawımız, máyeklerine hám palapanlarına tiymewimiz kerek.

**Tayanısh sózler:** qaratamaq, qarlıǵash, búlbúl, láylek, palapan, quslardı qorǵaw.

## Sorawlar

1. Báhárde úlkemizge birinshi bolıp qaysı quslar ushıp keledi?
2. Qarlıǵash qanday qus?
3. Búlbúl úlkemizge qashan ushıp keledi?
4. Láylek hám tırnalar qay jerlerge uya saladı, neler menen awqatlanadı?

## Tapsırma

Siz jasaytuǵın jerde báhárde qaysı quslar qashan ushıp kelgenligin «Jumıs dápteri»ńizge jazıp keliń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 28-§. ÚLKEMIZDEGI ÚY HÁM JABAYÍ HAYWANLAR

Házirgi waqıtta kópshilik haywanlar hám quslar adamlarǵa úyrengen. Adamlar olardı baǵıp, kóbeyttiredi. At, túye, sıyır, qoy, eshki, qoyan, tawıq, qorazlar iyt hám pıshıqlar úy haywanları boladı (50-súwret).




50-súwret. *Quslar hám úy haywanları:*
*1-qoraz hám tawıqlar; 2–eshki;*
*3–iyt; 4–túye*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

At, túyelerden tiykarına júk tasıwda paydalanıladı.

Sıyır, qoy, eshki góshi, terisi, súti ushın, qoyanlar terisi hám góshi ushın baǵıladı.

Tawıq, úyrek, ǵaz, túye tawıq góshi, máyegi hám pári ushın baǵıladı.

Bódene, totı, kepterler sulıwlıǵı hám jaǵımlı sayrawı ushın baǵıp, kóbeyttiriledi.

Jabayı haywanlar úy haywanlarınan parıq etip, azıǵın ózleri izlep tawıp jeydi (51-súwret).

Olar tawlarda, dárya boylarında, jarlarda, qamıslıqlarda, sheńgelliklerde, shóllerde jasap, úńgirlerge kirip jatadı.







51-súwret. *Jabayı haywanlar:*
*1 – kiyik; 2 – eshkimer*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jabayı haywanlar da adamlar ushın júdá paydalı. Jılanlardıń záhárinen hár túrli dári-dármaqlar tayarlanadı.

Sonıń ushın jabayı haywanlardı da qırılıp ketiwinen saqlawımız kerek.

**Tayanısh sózler:** dári-dármaq, jılannıń záhári, haywanlardı qorǵaw.

### Sorawlar

1. Adamlar úy haywanların ne ushın baǵadı?
2. Jabayı haywanlar qalay tirishilik etedi?
3. Jabayı haywanlardıń qanday paydası bar?
4. Siz úyińizde qanday úy hám jabayı haywanlardı baǵasız?

### Tapsırma

Jasap atırǵan jerińizde ushırasatuǵın úy haywanları, quslar, jabayı haywanlardıń atların anıqlap «Jumıs dápteri»ńizge jazıń.

## 29-§. INSAN HÁM TÁBIYAT

Átirapımızdaǵı barlıq nárse — Quyash, Ay, juldızlar, hawa, bult, suw, tawlar, tegislikler, ósimlikler, haywanlar — bulardıń barlıǵı tábiyat



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

(52-súwret). Adam da usı tábiyatta jasaydı. Ózine kerekli barlıq nárseni tábiyattan aladı.

Tábiyat júdá bay. Biz ózimizge zárúr bolǵanı ushın neft, kómir, gaz, temir hám basqalardı jerden qazıp alamız. Keń dalalarǵa hár túrli eginler egip, óniminen paydalanamız.

Miyweli baǵlar jaratamız. Dala, jaylaw, tawlarda sıyır, qoy, eshkilerdi baǵamız. Solay eken, biz tábiyattı asırawımız, oǵan ǵamxorlıq etiwimiz kerek.

Bizler hár túrli kárxanalar qurıp, olarda ózimizge kerekli azıq-awqat ónimlerin, kiyim-kenshek, hár túrli mashinalar islep shı-



52-súwret. *Tábiyat qanday gózzal*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




53-súwret. *«Ózbekistan Qızıl kitabı»na kirgizilgen haywanlar: 1 – kobra jılanı; 2 – qaraqulaq;*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ǵaramız. Bulardıń hámmesi tábiyatqa tásir etedi. Hawa hám suwdıń pataslanıwı ósimlik hám haywanlardıń kemeyiwi múmkin.

Sonıń ushın da biz tábiyattı, onıń baylıqların qorǵawımız kerek.

Tábiyattı, jabayı haywanlar hám ósimliklerdi saqlap qalıw, úyreniw hám kóbeytiw ushın milliy baǵlar, qorıqxanalar shólkemlestiriledi.

Mámleketimizde baǵılıp, kóbeyttirilip atırǵan siyrek ushırasatuǵın jabayı haywanlar hám ósimlikler «Ózbekstan Qızıl kitabı»na kirgizilgen.

**Tayanısh sózler:** tábiyat, insan, azıq-awqat ónimleri, kiyim-kenshek, milliy baǵ, qorıqxana, «Ózbekstan Qızıl kitabı».

**Sorawlar**

1. Tábiyat degende neni túsinesiz?
2. Insan tábiyattan qalay paydalanadı?
3. Insannıń tábiyatqa tásiri nátiyjesinde neler júz beriwi múmkin?
4. Mámleketimizdegi siyrek ushırasatuǵın haywan hám ósimlikler ne ushın «Ózbekstan Qızıl kitabı»na kirgiziledi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsırma**

«Ózbekstan Qızıl kitabı»na kirgizilgen haywanlardıń atların eslep qalıń (53-súwret). Olardı «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.

## 30-§. AWÍL HÁM QALA

Qala da, awıl da xalıq toplanıp jasaytuǵın jer esaplanadı. Biraq qalalar awıllarǵa qaraǵanda júdá úlken, xalqı kóp, hár qıylı kárxanalar jaylasqan boladı.



54-súwret. *Tashkentten bir kórinis*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonıń ushın imaratlar, turaq jaylar kóp qabatlı etip qurıladı.

Qalalarda ilim-bilimlendiriw, mádeniyat orayları, iri kárxanalar, teatrlar, oyın maydanshaları jaylasqan.

Adamlar mádeniy dem alatuǵın baǵlar, parkler qurılǵan.

Ózbekstandaǵı eń úlken hám kórkem qala mámleketimiz paytaxtı — Tashkent qalası boladı (54-súwret).

Tashkentte tariyxıy, mádeniy estelikler, zamanagóy biyik hám sulıw imaratlar, kórkem baǵlar bar.

Kárxanalarda hár túrli ónimler islep shıǵarıladı.

Respublikamızdıń túrli wálayatlarınan kelgen jaslar bul jerdegi joqarı oqıw orınlarında bilim aladı.

Mámleketimizde áyyemgi gózzal qalalar kóp. Samarqand usınday qalalardan biri. Qalada tariyxıy estelikler — Registan, Shahi Zinda ansamblleri, Amir Temur maqbarası bar (55-súwret).

Buxara, Xiywa, Qoqan qalaları da tariyxıy esteliklerge júdá bay. Andijan, Ferǵana,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



55-súwret. *Samarqand qalasındaǵı Registan maydanı*

Namangan, Termiz, Qarshı, Úrgenish sanaatı rawajlanǵan, shıraylı, úlken qalalar esaplanadı.

Awıl xalqınıń tiykarǵı bólimi awıl xojalıq jumısları menen bánt boladı. Olar baǵlarda miyweler, atız hám palızlarda paxta, biyday, salı, mákke, júweri, qawın, palawqabaq, ǵarbız, kartoshka, geshir, qıyar, kapusta jetistiredi.

Jaylawlarda, fermalarda úylerde sıyır, qoy, eshki, quslar baǵıp kóbeyttiriledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



56-súwret. *Awıllarda qurılıp atırǵan turaq jaylar*




57-súwret. *Awıldaǵı zamanagóy mektep*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Awıllarda da jańa mektepler, bağshalar, sport maydanshaları, sulıw taza úyler qurılmaqta (56-, 57-súwretler).

**Tayanısh sózler:** qala, awıl, ilim-bilimlendiriw, mádeniyat, kárxana, tariyxıy estelikler.

### Sorawlar

1. Qanday orınlardı qala deymiz?
2. Qalalarda adamlar ne menen shuğıllanadı?
3. Awıllarda adamlar qanday jumıslar isleydi?
4. Házir awıllarda neler qurılıp atır?

### Tapsırma

Ózińiz jasaytuğın jerdegi adamlardıń qanday jumıslar menen bánt ekenligin úlkenlerden sorap, bilip alıń.

## 31-§. ÚLKEMIZDE JAZ

Jaz máwsimi iyun ayınan baslanadı hám sentyabrge shekem dawam etedi. Biraq biziń Watanımızda may ayınıń ortalarında hawa jazdağıday ıssı boladı. Jazda jawın az jawadı.

Erte egilgen palız eginleri, jambılsha, qıyar, pomidor pisedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Miywelerden qulpınay, erik, shiye, erte alma pisedi. Mekteplerde oqıw jılı juwmaqlanıp, oqıwshılar jazǵı dem alısqa shıǵadı.

Bul waqıtta balalar dem alıw orınları, sawallandırıw lagerlerinde dem aladı. Mámleketimizde balalar dem alıw orınları júdá kóp. Olar tábiyatı gózzal, hawası taza orınlarda jaylasqan (58-súwret).

Tábiyat qoynına sayaxatqa shıqqanda júriwdiń, kiyiniwdiń, suwǵa shomılıwdıń óz qaǵıydası bar.

Quyashta bas kiyimsiz júriw, gúller, shóplerdi julıw, jánliklerge, haywan hám quslarǵa tiyiw, úlkenlerdiń baqlawısız suwǵa túsiw, shomılıw múmkin emes.

Bul qaǵıydalarǵa, álbette, boysınıw kerek. Sonda hár túrli kewilsiz hádiyseler júz bermeydi. Bunnan basqa da qaǵıydalardı sayaxattı basqarıwshılar túsindiredi.

**Tayanısh sózler:** jazǵı dem alıs, oqıwshılar dem alıw orınları, sayaxat.

**Sorawlar**

1. Mámleketimizde jaz qashan baslanadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



58-súwret. *Oqıwshılar dem alıw ornında*

**2.** Jazda hawa rayı qanday boladı?

**3.** Báhárdiń aqırı hám jazdıń basında qanday miyweler pisedi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

4. Oqıwshılar jazda qay jerlerde dem alısqa baradı?

**Tapsırma**

Siz jasaytuǵın jerde may ayında qanday miyweler pisetuǵının anıqlań hám olardıń atların «Jumıs dápteri»ńizge jazıp qoyıń.

## 32-§. 2-yarım jılda alǵan bilimińizdi tekserip kóriw ushın testler

**1. Qaysı aylar qıs ayları esaplanadı?**
A) Yanvar, fevral, mart.
B) Dekabr, yanvar, fevral.
C) Noyabr, dekabr, yanvar.
D) Yanvar, fevral.

**2. Qısta teplicalarda qanday eginler jetistiriledi?**
A) Hár túrli miywe, palız eginleri.
B) Alma, almurt, júzim.
C) Qawın, ǵarbız.
D) Hámme eginler jetistiriledi.

**3. Qaysı haywanlar qısta úyde hám fermalarda baǵıladı**
A) Ayıw, túlki, tırna.
B) Búrkit, túye, láylek.
C) Sıyır, at, tawıq.
D) Qoy, suwın, kepter.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**4. Báhárde hawa rayı qanday boladı?**

A) Kúnler júdá ısıp ketedi.
B) Báhárde kúnler ısıydı, jawın kóp jawadı.
C) Kúnler suwıp, suw muzlap qaladı.
D) Qar jawıp suwıq boladı.

**5. Nawrız bayramı qanday bayram?**

A) Jańa jıl, jańa kún boladı.
B) Báhár baslanıw bayramı.
C) Qıstıń tamamlanıw bayramı.
D) Kún-tún teńlesken bayramı.

**6. 21-mart qanday kún?**

A) Báhár baslanatuǵın kún.
B) Kúndizi menen teńlesken kún.
C) Qıs tamamlanatuǵın kún.
D) Terekler gúlleytuǵın kún.

**7. Báhárde birinshi bolıp qaysı gúller ashıladı?**

A) Rozagúl.
B) Lala.
C) Sarıgúl, lala-qızǵaldaq.
D) Páshekgul.

**8. «Qara suwıq» qanday suwıq?**

A) Báhárde birden túsetuǵın suwıq.
B) Qısta kúnniń birden suwıp ketiwi.
C) Reńi qara suwıq.
D) Qardan keyin keletuǵın suwıq.

**9. Báhárde qaysı quslar ushıp keledi?**

A) Qarlıǵash, búlbúl, tırna, láylek.
B) Ǵarǵa, qumırı, shımshıq.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

C) Qaraǵarǵa, bayıwlı.
D) Búrkit, shayqus.

**10. Adamlar ózine kerek barlıq zatlardı qay jerden aladı?**
A) Bazardan.
B) Dúkánlardan.
C) Tábiyattan.
D) Bir-birinen.

**11. Milliy baǵlar, qorıqxanalar ne ushın qurıladı?**
A) Tábiyat baylıqların saqlap qalıw hám kóbeyttiriw ushın.
B) Adamlar dem alıw ushın.
C) Sulıw baǵ dóretiw ushın.
D) Suwdı saqlap qalıw ushın.

**12. Qalalardıń awıllardan parqı nede?**
A) Qalalar awıllardan júdá úlken boladı.
B) Xalqı kóp boladı.
C) Jaylar kóp qabatlı bolıp qurıladı.
D) Úsh juwapta durıs.

**13. Mámlektimizde eń úlken hám kórkem qala qaysı qala?**
A) Samarqand.
B) Andijan.
C) Buxara.
D) Tashkent.

**14. Awıllarda neler qurılıp atır?**
A) Jańa mektepler
B) Sport maydanları.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

C) Sulıw úyler.
D) Úsh juwapta durıs.

**15. May aqırı hám jaz basında qanday miyweler pisedi?**

A) Qıyar, pomidor.
B) Jambılsha, palız eginler.
C) Qulpınay, chereshniya, erik.
D) Úsh juwapta durıs.

## JAZǴÍ TAPSÍRMALAR

Balalar, sizler jazǵı dem alıs waqtında oqıwshılar dem alıw ornında dem alasız, ata-anańız, aǵa-úkelerińiz benen tábiyattıń gózzal, salqın jerlerinde bolasız.

Qay jerde bolsańız da «Átirapımızdaǵı álem» sabaǵında úyrengen nárselerińizdi sol jerlerde kóresiz. Kórgenlerińizdi gúrriń etip jazıń, súwretler salıń, gerbariy tayarlań. Bular haqqında úshinshi klasqa kelgenińizde aytıp beresiz.

Jazda jaqsı dem alıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TEST SORAWLARÍNÍŃ JUWAPLARÍ

## 1-yarım jıl ushın dúzilgen testler juwabı

| Soraw | Juwap | Soraw | Juwap | Soraw | Juwap |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | D | 6 | C | 11 | B |
| 2 | D | 7 | D | 12 | D |
| 3 | A | 8 | A | 13 | B |
| 4 | D | 9 | A | 14 | C |
| 5 | A | 10 | B | 15 | B |

## 2-yarım jıl ushın dúzilgen testler juwabı

| Soraw | Juwap | Soraw | Juwap | Soraw | Juwap |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | B | 6 | B | 11 | A |
| 2 | A | 7 | C | 12 | D |
| 3 | C | 8 | A | 13 | D |
| 4 | B | 9 | A | 14 | D |
| 5 | A | 10 | C | 15 | D |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

## Átirapımızdağı álemdi úyrenemiz

1-§. Átirapımızdağı álem .................................. 3
2-§. Tábiyattağı dene hám zatlar ..................... 6
3-§. Hawa-rayı .......................................... 9

## Úlkemizde gúz

4-§. Jıl máwsimleri .......................................... 13
5-§. Gúz jemisler ........................................... 16
6-§. Jámiyetlik paydalı miynet ........................ 21
7-§. Gúzde haywanlar hám jánliklerdiń tirishiligi ............................................ 23
8-§. Úlkemizde ushırasatuğın quslar ............... 27
9-§. Ósimliklerdiń qısqa tayarlanıwı ............... 31
10-§. Gerbariy tayarlaw ................................ 34
11-§. Kásipler haqqında ................................ 36

## Ana topırağımız – Jer

12-§. Jer – planeta ........................................ 39
13-§. Jerdiń háreketleri .................................. 42
14-§. Waqıt ólshew birligi ............................... 44
15-§. Jer betiniń dúzilisi ................................ 46
16-§. Suw – tirishilik deregi ............................ 49
17-§. 1-yarım jılda alğan bilimińizdi tekserip kóriw ushın testler .................... 52



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Úlkemizde qıs

18-§. Qıs .......... 55
19-§. Qısqı miynet .......... 57
20-§. Úy haywanlarınıń qıstaǵı tirishiligi .......... 60
21-§. Jabayı haywanlardıń qıstaǵı tirishiligi .......... 62

## Úlkemizde báhár

22-§. Báhárdegi ósimliklerdiń tirishiligi .......... 65
23-§. Ósimlikler qalay kóbeyttiriledi .......... 69
24-§. Báhárdegi miynet .......... 72
25-§. Báhárdegi jánliklerdiń tirishiligi .......... 74
26-§. Nawrız—jańa kún .......... 77
27-§ Báhárde úlkemizge quslardıń qaytıp keliwi .......... 80
28-§. Úlkemizdegi úy hám jabayı haywanlar. .......... 83
29-§. Insan hám tábiyat .......... 85
30-§. Qala hám awıl .......... 89
31-§. Úlkemizde jaz .......... 93
32-§. 2-yarım jılda alǵan bilimińizdi tekserip kóriw ushın testler .......... 96
Jazǵı tapsırmalar .......... 99

## Test sorawlarınıń juwapları

1-yarım jıl ushın dúzilgen testler juwabı .......... 100
2-yarım jıl ushın dúzilgen testler juwabı .......... 100

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**POTIHKAMOL G'ULOMOV,**
**SHAHRIXON MIRZAXMATOVA**

# ATROFIMIZDAGI OLAM

*Umumiy o'rta ta'lim maktablarining 2-sinfi uchun darslik*

**Qayta ishlangan va to'ldirilgan oltinchi nashri**

*(Qoraqolpoq tilida)*

*Awdarmashı* **Zulfiya Oserbaeva**
*Redaktor* ***Sulıwxan Aytmuratova***
*Kórkem. redaktor* ***Azamat Yuldashev***
*Texnik redaktor* ***Yelena Tolochko, Batır Turımbetov***
*Korrektor* ***Dilafro'z Choriyeva***
*Operator* ***Gulchehra Azizova, Nadira Qaypbergenova***

Licenziya nomeri AI № 163. 09.11.2009. Basıwǵa 2018-jıl 20-mayda ruqsat etildi. Ólshemi 70x90 $^1/_{16}$. Pragmatica KRKP garniturası. Kegli 16, 14. 7,60 shártli baspa tabag'i. 7,30 esap baspa tabag'ı. Shártnama № 40-2018. Nusqası 12 049 dana. Buyırtpa №115-18.

Ózbekstan Baspa sóz hám xabar agentliginiń Sholpan atındaǵı baspa-poligrafiya dóretiwshilik úyi. 100011, Tashkent, Nawayı kóshesi, 30. Telefon: (371) 244-10-45. Faks: (371) 244-58-55.

Ózbekstan Baspa sóz hám xabar agentliginiń «O'qituvchi» baspa-poligrafiya dóretiwshilik úyinde baspadan shıǵarıldı. 100206, Tashkent, Yunusobod dahasi, Yanǵi shahar, 1

**Ǵulomov P.**
Ǵ79 Átirapımızdaǵı álem. 2 [Qor.]: 2-klass ushın sabaqlıq / P. Ǵulomov, Sh. Mirzaxmatova. – Qayta islengen hám tolıqtırılǵan altınshı basılım. – T.: Sholpan atındaǵı BPDÚ. 2018. – 104 b.
ISBN 978-9943-05-826-2

**UOK 502.2=512.121.(075)**
**BBK 20.1ya71**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası | Sabaqlıqtıń qaytıp tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegishe bahalawǵa muwapıq toltırıladı.**

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń paydalanıwǵa birinshi berilgendegi jaǵdayı |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw ha'm sızıwlar joq. |
| Qanaatlandırarlıq | Muqaba jazılǵan, birqansha sızılıp, shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı ta'repinen qanaatlandırarlıq ońlanǵan. Kóshken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqaba sızılǵan, ol jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsızlıq ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklewge bolmaydı. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE